

# Kijan pou mwen pran konje fanmi peye pou pase tan ak nouvo tipitit mwen an?

**Konje Fanmi ak Konje Medikal Peye, oswa PFML, se yon pwogram benefis pou anplwaye Massachusetts yo ke Commonwealth la ofri. Si ou se yon nouvo manman, papa, oswa gadyen legal, PFML pèmèt ou pran konje fanmi peye pou pran swen yon timoun pandan premye 12 mwa apre akouchman timoun nan, adopsyon li oswa plasman li nan swen adoptif.**

## Kilè mwen ka pran konje fanmi peye ?

**Si ou genyen yon nouvo timoun oswa, Si ou pral genyen yon nouvo timoun ou ka aplike pou konje fanmi peye.**

- Yo ka pran konje a nenpòt ki lè anvan premye anivèsè nesans timoun nan oswa premye anivèsè adopsyon yo oswa plasman swen adopsyon yo.

Si ou kalifye pou pran plis pase yon kalite konje nan yon ane benefis, kantite maksimòm konje peye konbine ou ka pran se 26 semèn.

## Longè benefis yo

**Chak paran oswa responsab legal kapab pran jiska 12 semèn konje fanmi pou okipe yon timoun.**

- Oumenm ak patnè w la ka chwazi pran konje fanmi an anmenmtan, oswa nou chak ka pran li separeman.
- Ou ka pran konje peye jiska yon ane apre ou akeyi yon timoun nan fanmi ou. Apre premye ane a, ou pap kalifye pou konje fanmi an ankò.

- 12 semèn se maksimòm tan konje fanmi pou pran swen yon timoun ke ou kapab pran nan yon sèl ane, kèlkeswa kantite akouchman, adopsyon, oswa plasman swen adopsyon ou genyen nan menm ane a. 12 semèn sa yo kapab pran an mem tan oswa plizyè fwa pou plizyè timoun.

Pou paran kap tan nesans pitit biolojik yo, yo ka kalifye pou pran ni konje medikal ki gen rapò ak gwosès la, ak ni konje fanmi pou pase tan ak timoun lan.

Se sèlman paran oswa gadyen legal yon timoun lan ki kalifye pou pran konje fanmi pou okipe yon timoun.

Aprann plis nan:

[mass.gov/family-leave-bonding](https://mass.gov/family-leave-bonding)

**Pou** konje fanmi pou pran swen yon timoun, si oumenm ak anplwayè w dakò sou yon orè, ou anmezi pou pran konje a tanzantan.

*NÒT: Orè kite tanzantan yo sijè a apwobasyon nan men patwon ou.*



## Dokiman ki obligatwa

### Pou tout aplikasyon konje fanmi pou pran swen yon timoun ou pral bezwen:

- 1 Notifye anplwayè w la 30 jou davans si sa posib.
- 2 Ranpli yon aplikasyon sou entènèt nan [paidleave.mass.gov](http://paidleave.mass.gov) oswa nan telefòn nan (833) 344-7365.
- 3 Bay prèv [idantite w](#).
- 4 Bay prèv nesans pitit ou oswa plasman pitit ou.

Antanke paran oswa yon responsab legal, ou ka aplike pou konje fanmi ou anvan pitit ou a fèt, w ap itilize dat pwojeksyon nesans timoun lan. Ou kapab aplike tou pou konje fanmi an anvan yo adopte timoun nan oswa mete l lakay ou pou swen adoptif.

Aprè pitit ou an fèt oswa adopte, w ap bezwen bay Depatman Konje Fanmi ak Konje Medikal (DFML) la prèv nesans timoun nan oswa prèv plasman timoun nan pou swen adoptif anvan benefis ou ap peye.

### Pou nesans yon timoun, w ap bezwen soumèt nenpòt nan kat dokiman sa yo kòm prèv:

- Yon kopi Batistè timoun nan
- Yon deklarasyon ki siyen ak dat nan men founisè swen sante kote timoun lan deklare ak dat nesans timoun nan ladan.
- Yon deklarasyon ki te siyen ak dat nan men founisè swen sante manman an ki deklare dat nesans timoun nan
- Yon deklarasyon lopital nan dosye nesans

### Pou yon timoun ki te fèk adopte oswa ki plase lakay ou pou swen adoptif, ou pral bezwen nenpòt nan twa dokiman sa yo kòm prèv:

- Yon dokiman ki siyen ak date ki soti nan men founisè swen sante timoun lan ki konfime plasman pitit la ak dat plasman an
- Yon sètifika ki soti nan men fwaye dakèy oswa ajans adopsyon an ki konfime plasman an ak dat plasman timoun lan
- Yon deklarasyon siyen ki soti nan Depatman imoun ak Fanmi (Department of Children and Families, DCF) ki konfime plasman ak dat plasman an

## Prepare pou aplike: 3 senaryo ki posib

Vizite [paidleave.mass.gov](http://paidleave.mass.gov) epi genyen tout dokiman obligatwa ou pare. Ou ka aplike sou entènèt oswa rele sant kontak la. Nou ankouraje w pou aplike sou entènèt paske pwosesis la ap pi fasil pou ou nan tèm soumèt dokiman ak resevwa notifikasyon nan men DFML. Si ou aplike sou sit entènèt la, ou pral kapab soumèt dokiman yo dirèkteman sou entènèt la. Si ou aplike nan telefòn, ou pral oblije voye dokiman yo pa lapòs oswa fakse dokiman ou yo.

Tou depan de sitiyasyon an, yon fanm ansent kapab kalifye pou li pran konje medikal li pandan oswa dirèkteman apre gwosès li. Si li fè sa, li kapab fè yon tranzisyon dirèkteman pou pran konje fanmi an pou pran swen timoun la apre nesans li si li vle, oubyen li kapab tann pou pran konje fanmi an pou pran swen timoun la yon lòt lè nan pwochen 12 mwa kap vini yo, toutotan li pran konje an pa pita ke yon jou avan premye anivèsè nesans timoun nan. [Nan senaryo sa a, asire w ke ou aplike pou konje medikal la an premye, pou konje fanmi an pou pran swen timoun la apre.](#)

Vizite [mass.gov/dfml](http://mass.gov/dfml) pou jwenn plis enfòmasyon sou konje medikal. Gen plis detay sou chak kalite senaryo yo anba a.

**Kontinye pou jwenn plis enfòmasyon** >

### Senaryo 1: Pre-natal oswa planifikatè pre-plasman:

Massachusetts se premye eta ki pral pèmèt anplwaye yo aplike *anvan* pitit yo fèt oswa plase nan kay. Ou ka aplike nan fason sa a jiska dat nesans oswa plasman timoun la. Pou aplike, swiv etap ki anba yo:

- Kòmanse ranpli yon reklamasyon sou entènèt oswa atravè kontak.sant la.
- Bay prè v idantite w.
- Bay dat lè ou estime ou pral pran konje a- sa a ka dat nesans pitit ou a oswa dat plasman pitit ou a, oswa nenpòt ki lè, jiska yon ane apre.
- Bay prè v nesans oswa plasman timoun lan a DFML yon fwa timoun nan fèt oswa plase, pou yo kapab apwouve reklamasyon an, epi peye benefis yo .

### Senaryo 2: Apre nesans oswa apre-plasman adopsyon:

Senaryo sa a aplike a nenpòt paran oswa responsab legal ki gen yon timoun ki te deja fèt oswa plase yo nan kay pou 12 mwa ki sot pase yo. Pou aplike, swiv etap ki anba yo :

- Kòmanse ranpli yon reklamasyon sou entènèt oswa atravè kontak. sant la
- Bay prè v idantite w.
- Bay prè v nesans pitit ou oswa plasman pitit ou.

### Senaryo 3 : Konje medikal ki gen rapò ak gwoès pou tounin konje fanmi pou pran swen yon timoun:

Si ou se yon manman ki bezwen pran konje medikal ki gen rapò ak gwoès , ki pral fè tranzisyon yon konje fanmi pou pran swen yon timoun, senaryo sa a se pou ou. Ou ka pran opsyon sa a anvan oswa apre nesans pitit ou a, sa pral depann de bezwen medikal ou. Pou aplike, swiv etap sa yo :

- Kòmanse fè yon reklamasyon pou konje medikal an premye sou entènèt oswa atravè kontak sant la e reponn "Wi" nan kesyon, "Èske sa a gen rapò ak gwoès?" Sa a pral otomatikman

kreye yon kategori pou konje fanmi ou pral pran pou bay swen a timoun la.

- Bay prè v idantite w.

Ranpli fòm Sètifikasyon Kondisyon Sante grav ou : [mass.gov/medical-leave-form](https://www.mass.gov/medical-leave-form)

*NÒT: Se founisè swen sante ou k ap deside konbyen tan konje medikal gwoès ou pral pran.*

Yon fwa yo apwouve ka w la, rele sant kontak la nan (833) 344-7365 pou reklame konje fanmi pou pran swen yon timoun ki asosye avèk konje medikal ou. Sa a pral asire pa gen okenn pwoblem nan peman benefis ou yo epi lap pèmèt ou fè tranzisyon an dirèkteman de konje fanmi pou pran swen timoun la lè konje medikal ou an fini.

- Si tibebe w la deja fèt, ou ka soumèt prè v nesans pitit ou a sou entènèt nan moman sa a.
- Si tibebe w la poko fèt, bay dat nesans yo estime a epi bay prè v nesans la, yon fwa timoun nan fèt.

Anplwayè w la ka planifye pwòp benefis konje fanmi peye ak konje medikal peye atravè yon asirans prive. Tanpri konsilte sipèvizè w la oswa depatman HR ou pou plis enfòmasyon. Tanpri sonje ke benefis konje fanmi peye ki prive ak benefis medikal dwe egal ak oswa depase sa yo te ofri nan MA PFML.